



Scarlet Fever

Kisa skalatin ye ?

Skalatin se yon enfeksyon bakteri streptokòk gwoup A koze, menm gwoup bakteri ki lakòz enfeksyon nan gòj la.

Kisa sentom yo ye?

Sentom komen yo gen ladan yo:

- Yon gratèl wouj ki gen sansasyon papyè sable ki kouvri prèske tout kò a
- Gòj moun nan ap fè li mal epi lap wouj
- Yon lafyèv 101°F oswa pi wo
- Po koulè wouj klere nan pli anba bra, koud bra, ak nan zòn lenn yo
- Yon lang wouj epi ki gen ti boul
- Yon kouch koulè blanch sou lang lan
- Glann anfle nan kou a

Lòt sentom jeneral yo gen ladan yo:

- Maltèt ak doulè nan kò
- Kè plen, vomisman, oswa doulè nan vant.



Kijan li transmèt?

Skalatin transmèt nan kontak ak bakteri ki soti nan tous oswa estènen yon moun ki enfekte. Si w touche bouch ou, nen ou, oswa je ou apre w te fin gen kontak ak bakteri sa a yo, ou ka vin enfekte. Ou ka vin malad tou apre ou te fin pataje vè moun bwè oswa asyèt ak kiyè ak yon moun ki malad. Li posib pou pran skalatin nan kontak ak maleng nan po ki enfekte ak streptokòk gwoup A a. Pou moun yo ki te dyagnostike ak skalatin, li enpòtan pou yo chanje bwòs adan yo apre 1-2 jou nan antibyotik pou anpeche yo re-enfekte tèt yo.

Ki moun ki atrape skalatin?

Menm si nenpòt moun ka atrape skalatin, timoun ak kèk adilt gen plis chans pou yo enfekte pase lòt moun. Li pi komen kay timoun ant laj 5 jiska 15 lane. Adilt yo ki gen kontak ak timoun yo gen pi gwo risk pou skalatin ke lòt adilt yo. Kondisyon kote gen anpil moun tankou lekòl ak sant gadri yo ka obmante risk pou transmèt enfeksyon an.

Kijan yo dyagnostike li?

skalatin ka dyagnostike ak yon tès rapid streptokòk oswa yon egzamen gòj. Yon tès strep enplike pase yon aplikatè nan gòj la epi teste aplikatè a pou wè si streptokòk gwoup A a lakòz maladi a. Si tès rapid streptokòk la negatif, epi founisè swen sante a sispèk anpil se skalatin, yon egzamen gòj pral vin nesésé.

Èske skalatin danjere?

Anjeneral se yon maladi modere, men yo dwe trete li pou anpeche pwoblèm sante alontèm yo ki ra men ki grav. Kèk nan pwoblèm sante alontèm yo gen ladan yo:

- Lafyèv rimatism (yon maladi anflamasyon ki ka enfekte kè a, jwenti yo, po, ak sèvo a)
- Maladi ren (anflamasyon nan ren yo, ki rele pòs-strèptokosik glomerulonefrit)
- Atrit (anflamasyon nan jwenti)
- Enfeksyon nan zòrèy, po, gòj, ak poumon

Kijan yo trete li?

Skalatin trete ak antibyotik. Antibyotik ka ede yon moun ki gen skalatin santi li miyò vit, anpeche pwoblèm sante alontèm yo epi pwoteje lòt moun pou yo pa vin malad.

Kijan ou ka evite li?

Pa gen vaksen pou anpeche skalatin. Pi bon mwayen pou evite pran oswa transmèt bakteri a se pou:

- Lave men ou souvan, espesyalman lè w fin touse oswa estènen
- Lave vè, istansil, ak asyèt yo apre yon moun ki malad te sèvi ak yo
- Rete lakay ou san al travay, lekòl oswa gadri jiskaske ou pa gen lafyèv epi ou te pran antibyotik pendan omwen 24 èdtan
- Pran antibyotik si ou enfekte.

